2020-жыл ушын закат нысабы 21 250 000 сўм деп белгиленди. Усы баҳаның қирықтан бири, яғный закат ушын шығарылатуғын бөлеги 531 250 сўмга тең болады.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа қурамының 2020-жылғы закат муғдары бойынша қарары жәрияланды.

Қарарда мәлим етилиўинше, әдетте, ҳәр жылы Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа қурамы тәрепинен нысаб муғдары Рамазан айында жәрияланар еди.

“Бирақ бүгинги күнде дүнья бойлап, атап айтқанда, Өзбекстанда да коронавирус пандимеясы тарқалыўының алдын алыў мақсетинде, журтымызда карантинниң дағазаланыўы себепли, зәрүр болмаса үйден көшеге шығыў мүмкин болмай қалды.

Бундай ўақытта халықтың материаллық жәрдемге мүтәж болған бөлегин қоллап-қуўатлаўға зәрүрлик пайда болды ҳәм усы ўақытта бул ажр-саўабы көп әмел болыўы тәбийий. Мине сондай жағдайда дүнья-малы нысапқа жеткен бай-дәўлетли инсанлар дүнья-малының закатын да мүтәжлерге бериўи әйне саўаплы әмеллер қатарына киреди”, делинеди қарарда.

Мине усыларды инабатқа алған ҳалда Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа қурамы закат нысабын Шаъбан айында шығарыўға қарар етти.

“Шаъбан айы да пазийлетли айлардан бири. Қалаберсе, ҳәзирги сынаўлы дәўирде закат бериў мүтәжлерге және де пайдалы болып, закаттың саўабының бир неше есе көбейиўине себеп болады.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа қурамы 1 грамм алтынның бүгинги күндеги орташа баҳасы 250 000 (еки жүз елиў мың) сўм екенин инабатқа алып, милодий 2020-жыл (мусылманша жыл есабы 1441-жыл) ушын ЗАКАТ нысабын (85 г. алтыннан) 21 250 000 (жигирма бир миллион еки жүз елиў мың) сўм деп белгиледи. Усы баҳаның қирықтан бири (1/40), яғный закат ушын шығарылатуғын бөлеги 531 250 (бес жүз отыз бир мың еки жүз елиў) сўмға тең болады.

Соған көре, зәрүрий мүтәжлигинен тысқары бир жыл даўамында 21 250 000 (жигирма бир миллион еки жүз елиў мың) сўмнан артық ақшаға ийе болған мусылман адам жәми ақшаның қирықтан бири (1/40) н закат ретинде камбағал ҳәм мүтәжлерге бериўи парыз болып табылады.

Аллаҳ таала байлардың сақыйлығына берекет, мүтәжлерге қанаат ада етип, Өзиниң рахмети менен басымыздағы бул иллетти тез арада жоқ қылсын. Әмин!”, делинеди Пәтиўа қурамы қарарында.

Алдынырақ Өзбекстан мусылманлары басқармасы Уламалар кеңесиниң Рамазан айын өткериў бойынша қабыл етилген пәтиўасында Рамазанда ифтарлық мәресимлерин өткермеў, оған жумсалатуғын қәрежетлерди жәрдемге мүтәж шаңарақларға бериў усыныс етилген еди.

Дерек: Kun.uz.